

**Tiliv Enfòmasyon konsènan Sipò Timoun
pou
Paran k ap Viv avèk Timoun yo**

BRC-940-D Revize nan dat 19 Septanm 2014

Sa ki nan Tiliv la

ENTWODIKSYON	3
PWOSSESIS SIPÒ TIMOUN	4
FASON POU APLIKE POU SIPÒ TIMOUN	4
FASON POU CHÈCHE PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN NAN	4
FASON POU DETÈMINE PATÈNITE	5
FASON POU BAY PAPYE POU ALE NAN TRIBINAL	5
PETISYON NAN PRALE NAN TRIBINAL	5
LÒD SIPÒ TIMOUN AK LÒD MEDIKAL	6
REKOUVREMAN PEMAN SIPÒ TIMOUN	6
EGZEKISYON LÒD SIPÒ TIMOUN	7
FASON POU CHANJE KANTITE LAJAN LÒD SIPÒ TIMOUN	8
ANILASYON LÒD SIPÒ TIMOUN	9
DIVÒS AK SIPÒ TIMOUN	9
LAGAD TIMOUN AK VIZIT	10
VYOLANS NAN KAY AK SIPÒ TIMOUN	10
ENFÒMASYON POU KLIYAN K AP RESEWA ÈD LAJAN KACH AK ÈD MEDIKAL	11
DOKIMAN W AP BEZWEN YO	11
FASON POU KOLABORE AVÈK SIPÒ TIMOUN	11
LÈ OU PRALE NAN TRIBINAL	12
KANTITE SIPÒ TIMOUN OU KAPAB RESEVWA	12
LÈ W AP RESEVWA SIPÒ TIMOUN APRE OU SÒTI NAN ÈD LAJAN KACH OSWA MAO	12
ENFÒMASYON POU KONTAK SIPÒ TIMOUN	13
ADRÈS BIWO SIPÒ TIMOUN	14
MODÈL LÒD SIPÒ TIMOUN	16
GLOSÈ TÈM ENPÒTAN YO	19

ENTWODIKSYON

Si ou se yon sèl paran (oswa responsab legal) k ap edike yon timoun poukont ou nan Vil New York, ou konnen kijan se yon bagay ki difisil, sitou si lòt paran an p ap ba ou èd lajan. Men dapre lalwa, paran sa a dwe peye sipò timoun, epi nou kapab ede ou resevwa peman an.

KIMOUN NOU YE

Office of Child Support Enforcement (OCSE) (Biwo Ranfòsman Sipò Timoun) travay avèk fanmi Vil New York kèlkeswa revni yo oswa kondisyon imigrasyon yo, pou asire timoun yo resevwa sipò lajan nan men toulède paran yo. OCSE ede paran k ap viv avèk timoun yo (*Paran, manm fanmi, oswa responsab legal k ap viv avèk yon timoun minè epi ki se premye moun k ap pran swen timoun minè a*) konprann pwogram sipò timoun nan, epitou bay sèvis pandan tout pwosesis la. OCSE ede paran ki p ap viv avèk timoun yo (*Paran ki p ap viv avèk yon timoun minè epi ki pa premye moun k ap pran swen timoun minè a*). Pou fè sa, OCSE ofri paran sa yo pwogram pou ede yo satisfè obligasyon sipò timoun yo epitou pou ede yo gen kontwòl dosye sipò timoun yo.

Pwosesis sipò timoun se yon patenarya ant OCSE ak Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Anpil moun panse OCSE ak Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi fè pati nan menm ajans lan. Menmsi yo gen menm objektif pou amelyore lavi timoun yo nan Vil New York avèk sistèm sipò timoun fòmèl, yo se de (2) òganizasyon diferan, ki gen diferan fonksyon.

The Office of Child Support Enforcement (OCSE) (Biwo Ranfòsman Sipò Timoun) se yon pati nan Administrasyon Resous Imèn (HRA) Vil New York, yon ajans Vil New York. Pwosesis sipò timoun nan kòmanse lè yon paran k ap viv avèk timoun nan fè yon aplikasyon pou sèvis yo. Pwosesis sipò timoun kòmanse lè yon paran k ap viv avèk timoun nan vini nan yon biwo OCSE, rankontre avèk yon travayè sosyal, epi ranpli yon aplikasyon pou jwenn sèvis yo. OCSE ap chèche paran ki p ap viv avèk timoun nan, l ap bay li papye pou ale nan tribinal, epitou l ap detèmine patènite a. Apre Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi detèmine lòd sipò timoun nan, OCSE ap kontwole peman yo, l ap touche yo, epi l ap distribiye yo. Lè peman yo anreta, OCSE gen otorizasyon pou ranfòse lòd yo avèk mwayen administratif.

Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi se yon pati Sistèm Tribinal Inifye Eta New York. Wòl tribinal la nan pwosesis sipò timoun nan kòmanse lè yon paran, yon responsab legal, oswa Depatman Sèvis Sosyal (HRA ki nan Vil New York) fè yon pètisyon pou patènite ak/oswa pou sipò timoun. Tribinal la responsab pou detèmine nouvo lòd sipò timoun ak lòd sipò medikal, epitou pou li fè chanjman nan sa ki la deja yo. Si gen reta nan peman yo, yo ka fè yon pètisyon nan tribinal pou vyolasyon. Lè sa rive, tribinal la gen otorite pou ranfòse lòd sipò timoun nan avèk mwayen lajistis.

SIPÒ TIMOUN ENPÒTAN

Paran ki p ap viv avèk timoun nan gen obligasyon pou peye sipò a jouk lè timoun nan vin gen laj 21 ane. Peman sipò timoun nan kapab ede ou satisfè bezwen nan kapab ede ou satisfè bezwen pitit ou chak jou, epitou pou bay pitit yon pi bon avni finansye Papa ki peye sipò timoun genyen plis chans pou pran yon enterè nan lavi pitit yo ak pase tan avèk pitit yo. Pitit yo ka vle rete nan lekòl pi lontan, fè pi bon nòt, epitou gen mwens pwoblèm konduit.

Menmsi paran ki p ap viv avèk timoun nan pa gen mwayen pou peye sipò timoun nan kounye a, ou ta dwe toujou jwenn lòd sipò timoun nan. Lòd la ap baze sou revni nan moman an men yo kapab chanje li padevan si sikonstans yo chanje. OCSE gen pwogram travay pou ede moun ki pa gen mwayen pou peye sipò timoun yo paske yo nan chomaj oswa paske yo gen djòb ki pa peye ase lajan. Majistra Sipò a ka egzije yon paran ki p ap viv avèk timoun ki nan chomaj chèche travay oswa patisipe nan yon pwogram travay ki rele STEP (Sipò nan Pwogram Travay) nan moman l ap detèmine lòd sipò a. OCSE gen Pwogram Opòtinite pou Travay (EOP) tou ki travay avèk òganizasyon kominotè pou ede paran ki pa gadyen timoun yo jwenn djòb san yon rekòmandasyon tribinal la. Depi paran ki pa gadyen timoun nan kòmanse touche regilyèman, OCSE kapab touche peman sipò timoun nan otomatikman nan chèk peman li epi l ap voye peman yo ba paran ki se gadyen timoun nan.

OCSE gen Pwogram Opòtinite pou Travay (EOP) tou ki travay avèk òganizasyon kominotè pou ede paran ki p ap viv avèk timoun yo jwenn djòb san yon rekòmandasyon tribinal la. Depi paran ki p ap viv avèk timoun nan kòmanse touche regilyèman, OCSE kapab touche peman sipò timoun nan otomatikman nan chèk peman li epi l ap voye peman yo ba paran k ap viv avèk timoun nan.

PWOSESIS SIPÒ TIMOUN

FASON POU APLIKE POU SIPÒ TIMOUN

Paran k ap viv avèk timoun ki aplike pou èd lajan kach oswa pou Èd Medikal Sèlman (MAO) oswa k ap resevwa avantaj sa yo, ap jwenn rekòmandasyon otomatikman nan yon Biwo Minisipalite OCSE pou sèvis sipò timoun nan. Li gen obligasyon pou kolabore avèk sipò timoun pou li kapab jwenn avantaj èd lajan kach ak/oswa Medicaid pou moun lakay li.

Paran k ap viv avèk timoun epi ki pa aplike pou èd lajan kach oswa MAO oswa ki p ap resevwa avantaj sa yo ta dwe aplike pou sèvis sipò timoun nan Biwo Sèvis Sipò Timoun Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi (FCSS) OCSE ki nan tribinal ki okipe zafè fanmi nan minisipalite kote y ap viv la. Nenpòt adilt k ap viv avèk yon timoun minè epi k ap pran swen timoun nan ka aplike pou sèvis sipò timoun. Li pa nesesè pou moun nan se responsab legal timoun nan.

OCSE ap bezwen dokiman k ap ede jwenn paran ki p ap viv avèk timoun nan epi k ap pwouve relasyon ou ak relasyon timoun nan avèk paran ki p ap viv avèk timoun nan. Pote tout kantite enfòmasyon ou kapab ki endike anba la a:

- Nimewo sekirite sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (ITIN) paran ki p ap viv avèk timoun
- Batistè pou chak timoun ki dwe sou lis nan petisyon an
- Sètifika maryaj, papye divòs, oswa papye separasyon, si genyen
- Rekonesans Patènite Volontè oswa Relasyon Paran Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, si genyen
- Adrès ak nimewo telefòn (yo) paran ki p ap viv avèk timoun nan
- Non ak adrès travay paran ki p ap viv avèk timoun nan
- Foto ki fèk fèt

Si ou pa konnen adrès oswa nimewo sekirite sosyal oswa ITIN paran ki p ap viv avèk timoun nan, pote enfòmasyon ki endike anba la yo pou ede nou idantifye ak jwenn li:

- Dat li fèt ak kote li fèt
- Dènye adrès ou konnen pou li
- Non paran li (ansanm avèk non jèn fi manman li)

FASON POU JWENN CHÈCHE PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN NAN

Anpil paran k ap viv avèk timoun konnen kote lòt paran an ap viv oswa ap travay lè yo vini nan biwo nou. Si enfòmasyon sa yo pa disponib, OCSE ap fè rechèch nan baz done òdinatè pou jwenn dènye adrès ak travay paran ki p ap viv avèk timoun nan. Paran ki p ap viv avèk timoun nan ka se papa oswa manman timoun nan. Nan ka kote moun k ap pran swen timoun nan pa yon paran byolojik, nou konsidere papa a ak manman an kòm paran ki p ap viv avèk timoun nan epi ki gen obligasyon pou peye sipò timoun. OCSE kapab chèche paran ki absan yo epi k ap viv oswa k ap travay nan lòt eta. Fè nou konnen imedyatman si ou jwenn nouvo enfòmasyon k ap ede nou jwenn paran ki p ap viv avèk timoun nan.

FASON POU DETÈMINE PATÈNITE

Lè yon timoun fèt nan paran ki pa marye, yo dwe detèmine patènite a (patènite legal la) anvan yo kapab bay yon lòd sipò timoun nan:

- Detèminasyon patènite a bay avantaj pou timoun nan ki ka gen ladan sekirite sosyal, alokasyon militè, pansyon, sipò timoun, asirans sante, ak dwa pou eritye papa a.
- Yo kapab detèmine patènite a nan lopital imedyatman tibebe a fèt, oswa nenpòt lè anvan timoun nan vin gen laj 21 ane. Si toulède paran yo dakò, yo kapab siyen yon fòm Rekonesans Patènite (AOP), k ap vin yon dokiman legal depi yo depoze li nan Depatman Sante ak Sante Mantal (DOHMH). Yo kapab detèmine patènite a tou nan yon odyans nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Nenpòt paran kapab fè yon petisyon pou yon odyans pou detèmine patènite a.
- Si gen yon kesyon sou idantite papa a, gen tès ADN ki pa chè ki disponib nan laboratwa Eta New York sètifye. Pou jwenn plis enfòmasyon ak yon rekòmasyon, kontakte Inite Èd ak Patènite OCSE nan nimewo 929-221-5008. Si ou gen yon dat ki pwograme pou prezante nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou yon odyans sipò timoun, ou pa kapab mande tès ADN nan poukont ou. Majistra Sipò a ap bay lòd pou yon tès ADN si li nesèsè pou detèmine patènite a.

FASON POU BAY PAPYE POU ALE NAN TRIBINAL

Aprè ou fè yon petisyon pou patènite ak/oswa pou sipò timoun, paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe resevwa papye ki gen dat ak lè pou li ale nan tribinal pou odyans sipò timoun nan ak egzijans pou li ale nan tribinal. Si ou fè demann lan, OCSE ap voye papye a ba paran ki p ap viv avèk timoun nan, anjeneral pa lapòs, san ou pa peye lajan. Si ou pito, ou ka regle sa poukont ou. Pou fè sa, ou ka fè yon moun ou konnen remèt papye a ba paran ki p ap viv avèk timoun nan. Ou pa ka remèt papye a poukont ou.

PETISYON NAN TRIBINAL

Majistra Sipò a ap koute temwayaj yo epi l ap revize enfòmasyon sou revni ak depans toulède paran yo. L ap itilize enfòmasyon yo pou kalkile kantite lajan sipò paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe peye.

- Tribinal ki okipe zafè fanmi òganize yon fason ou kapab reprezante tèt ou poukont ou. Ou pa bezwen yon avoka, men ou ka pran youn si ou vle.
- Toulède paran yo dwe la nan odyans lan. Si paran ki p ap viv avèk timoun nan pa vini nan odyans lan, oswa si li pa bay ase enfòmasyon sou revni li, Majistra Sipò a ka ajoune odyans lan epi li ka pran randevou pou odyans lan nan yon lòd dat. Nan ka sa a, paran k ap viv avèk timoun nan dwe vini nan pwochen odyans tribinal la oswa yo ka anile dosye a. Majistra Sipò a ka fè odyans lan san paran ki p ap viv avèk timoun nan la, epi li ka detèmine yon lòd pa kontimas si gen prèv ki montre paran an te resevwa papye pou li vini nan tribinal la.
- Si nenpòt paran pa dakò avèk lòd sipò a, li dwe fè yon objeksyon alekri nan biwo Grefye Tribinal la nan 30 jou apati dat ki nan lòd la oswa nan 35 jou apati dat yo te voye lòd la ba paran yo pa lapòs. Lòt paran an ap gen yon chans pou reponn objeksyon an. Yon jij tribinal ki okipe zafè fanmi ap revize dosye a epi l ap pran yon desizyon.

DOKIMAN W AP BEZWEN YO

- Fòm Deklarasyon sou Sèman pou Divilgasyon Enfòmasyon Finansye
- Prèv revni ak byen tankou chèk peman, fòm deklarasyon taks sou revni, kont labank ak lòt investisman ak byen imobilye
- Prèv depans nan kay tankou lwaye ak manje
- Prèv depans medikal, gadri ak edikasyon

FASON POU PREZANTE TÈT OU NAN TRIBINAL

- Rive alè
- Abiye kòm sadwa
- Vini avèk yon lis pwèn enpòtan ki prepare epi pa chanje yo paske pa gen ase tan
- Pale lè se moman pa ou pou fè sa; pa pale dirèkteman avèk paran ki p ap viv avèk timoun nan

LÒD SIPÒ TIMOUN AK LÒD SIPÒ MEDIKAL

Pou kapab fè lòd sipò timoun nan Eta New York san patipri ak menm jan, Lwa sou Nòm Ofisyèl Sipò Timoun fikse kantite lajan debaz sipò timoun nan yon pousantaj fiks revni paran yo. Sof si gen rezon ki endike nan dokiman pou pa fè sa, Majistra Sipò a dwe itilize pousantaj sa yo lè l ap deside kantite lajan sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun an dwe peye. Itilizasyon pousantaj sa yo ap asire timoun yo jwenn avantaj nan menm nivodvi yo ta genyen si paran yo t ap viv ansanm.

FASON YO KALKILE KANTITE LAJAN LÒD SIPÒ A

Dapre lalwa, kantite lajan debaz sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe peye se yon pousantaj revni li anvan dediksyon mwens taks Vil New York, dediksyon sekirite sosyal ak dediksyon Medicare, ak nenpòt sipò timoun oswa sipò madanm/mari l ap peye ba yon lòt fanmi, epitou sa depannde kantite timoun ki konsène yo.

Revni gen ladan salè moun nan touche nan yon djòb, konpansasyon travayè, peman akòz andikap, avantaj chomaj, peman sekirite sosyal, ak anpil lòt fòm revni. Li pa gen èd lajan kach oswa SSI ladan. Yo itilize pousantaj sa a pou tout dosye kote revni total paran yo pa depase \$141,000. Pou revni total ki depase \$141,000, Majistra Sipò a kapab chwazi si pou li itilize oswa pou li pa itilize gid pousantaj la, epitou li ka konsidere lòt enfòmasyon yo lè l ap kalkile tout kantite lajan sipò a.

1 timoun	17%
2 timoun	0.25%
3 timoun	0.29%
4 timoun	31%
5 timoun oswa plis	omwen 35%

SA LÒD SIPÒ TIMOUN NAN GEN LADAN

- Kantite lajan obligasyon ki baze sou Lwa sou Nòm Ofisyèl Eta New York pou Sipò Timoun.
- Sipò medikal, ki gen ladan depans pou swen sante pou timoun nan tankou prim asirans sante, franchiz ak kopeman; toulède paran yo dwe patisipe nan depans pou sipò medikal timoun nan, selon revni yo. Nenpòt paran ka gen obligasyon pou antre timoun sa a nan yon plan asirans sante, si li disponib nan djòb yo. Asirans lan dwe disponib pou yon pri rezonab pou anplwaye a, epitou sèvis medikal yo dwe disponib kote timoun nan ap viv.
- Depans rezonab edikasyon ak gadri pou timoun nan ka antre tou nan lòd sipò timoun nan tou. Anjeneral, de (2) paran yo patisipe nan depans sa yo, dapre revni yo.

REKOUVREMAN PEMAN SIPÒ TIMOUN

Ou dwe peye lòd sipò timoun ou ba Inite Rekouvremant Sipò OCSE. N ap touche peman paran ki p ap viv avèk timoun nan regilyèman, anjeneral nan dediksyon ki fèt nan pewòl. N ap voye peman sipò timoun nan ba ou sou fòm elektwonik, avèk depo dirèk nan bank ou, oswa nan pwogram **EppiCard Debit MasterCard** Eta New York. N ap voye chèk sèlman nan sitiasyon detrès yo.

Si ou chanje adrès, li enpòtan pou bay OCSE nouvo adrès ou pou nou kapab kontakte ou pou asire ou pa rate okenn peman.

Nou ka fè ou peye yon frè \$25 dola pou sèvis la chak ane. Frè a aplike sèlman pou paran k ap viv avèk timoun nan epi ki pa t janm resevwa avantaj èd lajan kach nan okenn eta. N ap touche frè a si nou

touche omwen \$500 dola nan sipò a pou ou pandan ane fiskal federal la (1ye oktòb–30 septanm). Frè a ap kontinye aplike nan chak ane fiskal federal kote nou touche \$500 dola oswa plis.

OCSE pa kapab bay sèvis rekouvremant ak ranfòsman si ou gen yon lòd ki dwe peye dirèkteman ba ou. Ou ka mande yon **Chanjman Benefisyè** ant Peman Dirèk ak Peyab nan Inite Rekouvremant Sipò nan Biwo FCSS nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi nan minisipalite kote w ap viv la. Yon **Chanjman Benefisyè** kapab fèt sou nenpòt lòd sipò timoun Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi oswa Tribinal Siprèm Eta New York bay, san yon odyans tribinal.

EGZEKISYON LÒD SIPÒ TIMOUN

Ranfòsman vle di fè aksyon apwopriye pou touche sipò timoun ki anreta epitou pou asire peman yo fèt alè pidevan. Pwosesis ranfòsman an kòmanse lè peman lòd sipò a dwe fèt ba Inite Rekouvremant Sipò (SCU), epi pwosesis la fini lè yo anile lòd la ak lè peman tout aryere yo fèt. Lè peman yo anreta, gen yon kantite mwayen ranfòsman nou kapab itilize pou touche peman yo.

Kèk aksyon egzekisyon se aksyon ki administratif. Sa vle di yon odyans tribinal pa nesèsè. OCSE gen otorizasyon pou egzekite lòd yo avèk metòd sa yo. Men kèk nan metòd sa yo:

- Ogmantasyon kantite lajan rekouvremant regilye yo pou redui dèt sipò timoun nan (aryere)
- Sezi lajan ki nan kont labank, lajan ranbousman taks sou revni ou, lajan moun nan genyen nan lotri, ak lajan moun nan touche nan aranjman avèk asirans
- Sispanasyon lisans pou moun nan kondi
- Rapòtaj sipò timoun moun nan pa peye ba ajans rapòtaj kredi
- Rekòmandasyon dosye yo ba Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York pou rekouvremant dèt sipò timoun
- Refi pou nouvo paspò ak pou renouvèlman paspò
- Refi pou jwenn ak renouvle lisans biznis ak lisans pwofesyonèl, pèmi, anrejistremant ak sètifika Vil New York Kèk ajans ki bay lisans nan Vil New York se, men pa sèlman, Komisyon Taksi ak Limouzin, Depatman Afè Konsomatè, Depatman Ponpye, ak Depatman Lapolis

Lòt aksyon egzekisyon yo se aksyon ki jidisyèl. Sa vle di yon odyans tribinal nesèsè epi ou ka gen obligasyon pou patisipe ladan. Metòd egzekisyon jidisyèl gen ladan:

- Yon odyans pou vyolasyon. Sa ka lakòz nenpòt nan sa ki anba la a:
 - Jijman pou peye lajan avèk enterè k ap ogmante
 - Dwa privilèj sou nenpòt kay ou posede
 - Garanti lajan (depo lajan kach ki vo apeprè peman sipò timoun pou jiska twazan) pou garanti peman sipò timoun pidevan
 - Patipasyon nan yon pwogram travay
 - Sispanasyon lisans pwofesyonèl, lisans biznis, oswa lisans lwazi leta bay. Kèk nan ajans ki bay lisans leta se, men pa sèlman, Depatman Edikasyon, Depatman Leta ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman, Biwo Administrasyon Tribinal, ak Otorizasyon Lavant Alkòl.
- Anprizònman
- Rekòmandasyon pou yo pouswiv ou nan lajistis kòm kriminel

FASON POU CHANJE KANTITE LAJAN LÒD SIPÒ TIMOUN

FASON POU CHANJE KANTITE LAJAN LÒD SIPÒ TIMOUN NAN TRIBINAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI

Nenpòt paran ka fè yon petisyon nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou modifye (chanje) kantite lajan lòd sipò timoun nan si gen yon gwo chanjman nan sikonstans yo, ki ka defini kòm yon chanjman ki pa rezonab epi ki pa planifye nan sikonstans yo, oswa si bezwen timoun nan pa satisfè. Majistra Sipò a ap revize nouvo enfòmasyon ki prezante yo, epi li ap deside si yon chanjman ta dwe fèt.

Lòt nòm ofisyèl ki endike anba la yo pou modifikasyon an aplike pou **lòd sipò timoun yo detèmine nan dat 13 oktòb 2010 oswa apre dat sa a.**

- Twa (3) ane pase depi lè tribinal te detèmine lòd sipò a, depi lè yo te modifye li, oswa depi lè yo te ajiste li.
- Te gen yon chanjman nan revni nenpòt paran anvan dediksyon a 15% oswa plis depi lè tribinal te detèmine lòd sipò a, depi lè yo te modifye li oswa depi lè yo te ajiste li. Nenpòt diminisyon nan revni an dwe se yon diminisyon ki pa volontè, epi paran ki fè konnen revni li diminye a dwe te fè efò san pran souf pou jwenn travay ki ta apwopriye pou edikasyon li, konpetans li, ak eksperyans li.
- Moun ki nan prizon ka fè yon petisyon pou modifikasyon akòz yon chanjman enpòtan nan sikonstans yo depi anprizònman yo se pa paske yo pa peye sipò timoun oswa se pa yon zak yo fè kont paran k ap viv avèk timoun oswa kont timoun nan.
- Nenpòt chanjman nan lòd la ap retounen nan dat yo te fè petisyon an nan tribinal la, pa nan dat te gen chanjman nan sikonstans yo.

FASON POU CHANJE KANTITE LAJAN LÒD LA NAN BIWO EGZEKISYON SIPÒ TIMOUN [OFFICE OF CHILD SUPPORT ENFORCEMENT (OCSE)]

Nou ka ogmante lòd sipò timoun nan avèk yon Ajisteman Koudlavi (COLA), san ou pa retounen nan tribinal. Se sèl paran k ap viv avèk timoun nan ki resevwa peman lòd sipò a nan OCSE ki kapab jwenn yon COLA. Kantite lajan COLA baze sou chanjman chak ane nan endis pri konsomasyon pou zòn lavil (CPI-U), ki swiv pri atik tankou depans pou manje, rad, lojman, sèvis transpò, gaz ak depans medikal.

Nou ka ajoute COLA nan yon lòd sipò timoun lè ogmantasyon ki nan CPI-U chak ane ajoute omwen 10% apati dat yo te detèmine lòd sipò a oswa apati dat yo te modifye li. Li kapab pran kat (4) a senk (5) ane pou rive nan ogmantasyon 10% obligatwa a nan CPI-U. Kliyan k ap resevwa èd ki pa lajan kach ap resevwa COLA otomatikman lè dosye sipò timoun yo vin kalifye pou sa. Kliyan ki p ap resevwa èd lajan kach ap resevwa avi pa lapòs lè dosye yo satisfè kondisyon yo pou yon COLA. Yo dwe bay repons pou avi a pou yo kapab resevwa ogmantasyon an.

Nan kèk ka, OCSE ka diminye lòd sipò timoun nan ak/oswa aryere yo pou paran ki p ap viv avèk timoun nan ki pa touche ase revni epi ki gen lòd sipò yo dwe peye pa Depatman Sèvis Sosyal (fanmi an se moun k ap resevwa oswa ki t ap resevwa èd lajan kach). Paran ki p ap viv avèk timoun nan ka chèche konnen si li satisfè kondisyon pwogram nan. Pou fè sa, li ka ale nan Sant Sèvis Kliyantèl OCSE san Randevou ki nan adrès 151 West Broadway, nan pwent sid Manhattan.

ANILASYON LÒD SIPÒ TIMOUN

Nan Eta New York, paran ki p ap viv avèk timoun nan gen obligasyon pou peye sipò a jouk lè timoun nan vin gen laj 21 ane. Nan sèten sikonstans, tribinal la ka anile lòd sipò yo lè timoun nan vin gen laj 21 ane.

- Timoun nan vin emansipe—li kite kay la epi li vin ap sipòte tèt li poukont li, li marye, oswa li antre nan fòs lame
- Paran ki p ap viv avèk timoun nan vin ap viv avèk timoun nan - Nan ka sa a, ou ka resevwa lòd pou peye li sipò timoun
- Ou retounen ansanm avèk lòt paran an epi nou fòme yon fanmi

Lè tribinal la anile lòd sipò a, ou ka toujou gen dwa pou resevwa sipò timoun si peman paran ki p ap viv avèk timoun nan pa t fèt alè jiska dat la epitou li dwe ou aryere.

DIVÒS AK SIPÒ TIMOUN

Nan Eta New York, yo tandè ka divòs yo nan Tribinal Siprèm. Yo bay yon papye divòs ki endike kondisyon divòs la. Papye divòs la ka gen yon lòd sipò timoun ladan. De (2) paran yo ak avoka yo, oswa jij Tribinal Siprèm nan ka deside sou kantite lajan lòd sipò timoun nan. Si jij la detèmine kantite lajan obligasyon an, l ap baze lòd la sou menm Lwa Nòm Ofisyèl Eta New York pou Sipò Timoun yo itilize nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Ou kapab manè pou yo fè peman lòd sipò timoun nan ba OCSE, epitou ou kapab itilize sèvis nou pou rekouvremant ak ranfòsman peman yo.

Voye yon kopi papye divòs la okonplè pa lapòs, ki endike yon lòd sipò timoun ki dwe peye ba OCSE nan adrès:

OCSE, c/o Accounts Maintenance Director
2 Washington Street, Street, 14th Floor
New York, NY 10004

W ap resevwa yon aplikasyon pou sèvis yo pa lapòs pou ranpli ak retounen nan adrès:

OCSE, c/o Family Court Support Services Director
2 Washington Street, 16yèm etaj
New York, NY 10004

oswa

Pote papye divòs ou nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi nan minisipalite kote w ap viv la, epitou aplike pou sèvis sipò timoun ou an pèsòn. Papye divòs la ta dwe endike yon lòd sipò timoun ki dwe peye ba OCSE.

N ap antre kantite lajan lòd sipò a nan sistèm nou jan li parèt nan papye divòs Tribinal Siprèm nan. Nenpòt paran ka fè yon pètisyon pou modifye lòd sipò timoun nan si sikonstans paran an chanje oswa si bezwen timoun nan chanje. Si papye divòs ou endike Tribinal Siprèm gen konpetans, lè sa a ou dwe retounen nan Tribinal Siprèm nan pou mande modifikasyon an. Si lòd la endike Tribinal Siprèm gen konpetans anmenmtan avèk Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, oswa si lòd la pa endike jiridiksyon ditou, ou ka ale nan nenpòt tribinal.

Ou kapab ale dirèkteman nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou ranpli yon aplikasyon pou sèvis sipò timoun si ou gen yon papye divòs ki a gen yon lòd sipò timoun ladan, oswa si ou potko kòmanse pwosesis divòs la nan Tribinal Siprèm. Depi ou depoze papye yo nan Tribinal Siprèm epi depi ou gen yon dat pou yon odyans ki pral fèt, ou pa kapab mande pou gen yon odyans sipò timoun nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.

LAGAD TIMOUN AK VIZIT

Tribinal la pa diskite sou lagad timoun ak vizit nan odyans sipò timoun nan, epi sijè sa yo pa fè pati nan lòd sipò timoun nan. OCSE kwè paran ki p ap viv avèk timoun nan ka gen plis chans pou peye sipò a si li gen yon akòz satisfèzan ki anplas pou lè wè pitit li. Yon paran ki bezwen èd pou pwoblèm gadyenaj ak vizit ka fè yon petisyon nan tribinal pou yon odyans gadyenaj/vizit. Nan odyans lan, jij/jij-abit la ka rekòmande paran yo nan sèvis medyasyon. Si yo jwenn yon akòz satisfèzan nan pwosesis medyasyon tribinal la rekòmande a, jij la/jij-abit la ap fè akò nan yon lòd tribinal. Si yo pa jwenn yon akòz, dosye a ap retounen nan tribinal la epi jij la/jij-abit la ap deside kijan pou rezoud pwoblèm yo.

Sèvis medyasyon disponib tou san yon rekòmandasyon tribinal la. Paran yo ka kontakte nenpòt nan òganizasyon ki endike anba la yo dirèkteman pou yo jwenn sèvis medyasyon an pou gratis oswa pou yon pri ki ba:

- New York Peace Institute - 212-577-1740/718-834-6671
- Center for Mediation & Training - 212-299-4302
- Community Mediation Services - 718-523-6868
- Parent Help - 800-716-3468 (yon liy telefòn dirèk an sekre gouvènman federal finanse pou paran k ap viv separe)

VYOLANS NAN KAY AK SIPÒ TIMOUN

Lè pifò moun tande mo “vyolans nan kay,” yo panse se vyolans fizik. Men, nan kèk ka, delenkan yo pa janm atake viktim yo fizikman. Kèk lòt fòm abi oswa fason pou kontwòle viktim yo se abi emosyonèl, abi seksyèl ak abi finansye. Anpil delenkan itilize lajan kòm yon mwayen kontwòl. Yon delenkan kapab refize yon viktim jwenn lajan oswa lojman, oswa yon vwati, pou fè li difisil pou viktim nan kite kay la oswa pou li kanpe lwen. Delenkan yo kapab itilize menas sou sipò timoun pou kontwòle viktim yo. Anplis menas vyolans fizik, yon delenkan ka di ou p ap janm wè yon santim nan lajan sipò timoun si ou kite kay la oswa w ap pèdi dwa pou gade pitit ou si ou mande sipò timoun.

Si ou aplike pou èd lajan kach epi si w ap resevwa avantaj sa a, ou gen obligasyon pou kolabore avèk sipò timoun pou jwenn tout avantaj yo pou fanmi ou. Men si gen yon danje vyolans nan kay, ou ta dwe fè Espesyalis Opòtinite Travay (JOS) ki nan Sant Travay la oswa responsab dosye sipò timoun nan konnen laperèz ou genyen, epi ou ka jwenn eskiz pou kondisyon sa a.

Si ou pa aplike pou èd lajan kach epi si ou p ap resevwa avantaj sa a, epi si paran ki p ap viv avèk timoun nan fè ou oswa pitit ou abi, ou kapab deside si ou vle sèvis sipò timoun. Anpil viktim vyolans nan kay pè resevwa sipò timoun, men yo vle avanse avèk yon dosye sipò paske yo bezwen lajan. Kèlkeswa sitiyaasyon an, anpil viktim panse toulède paran yo ta dwe responsab pou timoun yo genyen ansanm.

- Si ou deside avanse avèk dosye ou, ou ka toujou chanje lide ou.
- Lè ou ale nan tribinal pou fè yon petisyon pou sipò timoun, fè travayè sosyal sipò timoun nan ak anplwaye Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi konnen laperèz ou yo. Y ap travay avèk ou pou asire sekre enfòmasyon dosye ou ak sekirite ou nan tribinal la. Ou kapab mande pou tribinal la:
 - Retire enfòmasyon sou adrès ak travay ou nan petisyon yo, nan avi yo, ak nan nenpòt lòt fòm tribinal la
 - Pa di lòt paran an kote w ap viv oswa kote w ap travay
 - Pèmèt ou sòti nan tribinal la san lòt paran an pa ansanm avèk ou
 - Òdone tès ADN nan laboratwa pou detèmine patènite a sou diferan dat
 - Voye ou nan sèvis pou vyolans nan kay

- Depi ou gen yon lòd sipò timoun, OCSE kapab bay ranfòsman administratif san ou pa patisipe. Si sitiyaasyon ou vin danjere epi si ou gen laperèz pou sekirite ou oswa pou sekirite pitit ou, ou kapab mande OCSE pou fèmen dosye ou nenpòt kilè.

Si ou nan yon sitiyaasyon vyolans nan kay, oswa si ou konnen yon moun ki nan sitiyaasyon an, gen èd ki disponib pou sa. Liy Dirèk Vil New York pou Vyolans nan Kay (800) 621-HOPE bay enfòmasyon sou konsèy,abri, sèvis pou timoun yo, ak èd legal

ENFÒMASYON POU KLIYAN K AP RESESWA ÈD LAJAN KACH OSWA AK ÈD MEDIKAL

W ap jwenn randevou pou yon entèvyou nan yon Biwo Minisipalite Biwo Ranfòsman Sipò Timoun (OCSE) si ou aplike pou èd lajan kach oswa pou Èd Medikal Sèlman (MAO) oswa si w ap resevwa avantaj sa yo, oswa si ou bezwen fè ajoute yon nouvo tibebe nan dosye èd lajan kach ou. Nan entèvyou a, yon travayè sosyal sipò timoun ap poze ou kèk kesyon sou paran ki p ap viv avèk timoun nan (paran ki p ap viv nan kay la). Yo ka diminye avantaj ou yo sou pa ale nan randevou ou oswa si ou pa bay dokiman ak enfòmasyon sou paran ki p ap viv avèk timoun nan.

DOKIMAN W AP BEZWEN YO

Dokiman/enfòmasyon w ap bezwen pou Entèvyou ou nan Minisipalite kote OCSE ye a:

- Fòm aplikasyon ranpli yo te ba ou ansanm avèk avi pou randevou a
- Nimewo sekirite sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (ITIN) paran ki p ap viv avèk timoun
- Batistè pou chak timoun ki dwe sou lis nan petisyon an
- Sètifika maryaj, papyè divòs, oswa papyè separasyon, si genyen
- Rekonesans Patènite Volontè oswa Relasyon Paran Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, si genyen
- Adrès ak nimewo telefòn (yo) paran ki p ap viv avèk timoun nan
- Non ak adrès travay paran ki p ap viv avèk timoun nan
- Foto ki fèk fèt

Si ou pa konnen adrès oswa nimewo sekirite sosyal oswa ITIN paran ki p ap viv avèk timoun nan, enfòmasyon ki endike anba la yo ap ede nou idantifye ak jwenn li:

- Dat li fèt ak kote li fèt
- Dènye adrès ou konnen pou li
- Non paran li (ansanm avèk non jèn fi manman li)

FASON POU KOLABORE AVÈK Lòd SIPÒ A

Ou gen obligasyon pou kolabore avèk OCSE pou ou kapab jwenn tout avantaj yo pou fanmi ou. Si ou pa bay enfòmasyon nou mande ou yo, ou ka jwenn sanksyon, ki vle di nou ka redui avantaj èd lajan kach ou a 25%, epitou ou ka pèdi avantaj Medicaid pou tèt ou. Nou ka retire sanksyon sa yo nenpòt kilè depi ou pote enfòmasyon ak dokiman ki obligatwa yo nan Biwo Minisipalite kote ou te fè entèvyou a.

Nan kèk sitiyaasyon, gen kèk bon rezon pou pa kolabore. Ou ka jwenn pèmasyon pou yon reklamasyon *rezon valab* pou rezon sa yo:

- Ou pè abi fizik ak emosyonèl lòt paran an pou tèt ou ak pou timoun ou (yo).
- Pitit ou te fèt nan yon gwosès akòz ensès oswa kadejak

- W ap travay avèk yon ajans adopsyon pou fè adopte pitit ou

Fè travayè sipò pitit ou konnen si youn nan sitiyasyon sa yo aplike pou ou. Y ap voye ou ba yon konseye sou vyolans nan kay si demann ou se yon rezilta abi fizik oswa abi emosyonèl. Konseye a ap deside si ou gen rezon valab epi si ou kalifye pou yon egzansyon okonplè oswa an pati, sa ki vle di ou pa gen obligasyon pou kolabore avèk kèk oswa tout kondisyon sipò timoun nan pou kounye a.

LÈ OU ALE NAN TRIBINAL

Y ap mande ou pou patisipe nan odyans sipò timoun nan si yo voye dosye ou nan tribinal. Ap gen yon avoka nan odyans lan pou reprezante Depatman Sèvis Sosyal (Administrasyon Resous Imèn (HRA) nan Vil New York), ajans ki fè petisyon an sou non timoun ki nan dosye èd lajan kach la. Men ou ta dwe toujou prepare pou reponn kèk kesyon. Si dosye èd lajan kach ou oswa MAO ou fèmen anvan dat odyans lan, ou ta dwe toujou ale nan odyans lan. Majistra Sipò a kapab detèmine patènite epi/oswa yon lòd sipò timoun si toulède paran yo la. Edikasyon yon timoun koute chè epi toulède paran yo ta dwe patisipe nan depans lan.

KANTITE LAJAN SIPÒ TIMOUN OU KAPAB RESEVWA

- N ap voye premye \$100 dola (\$200 dola pou de oswa plis timoun) nou touche chak mwa nan sipò timoun ou genyen an ba ou anplis avantaj èd lajan kach ou. Sa a se bonis ou oswa peman verifye ou epi li disponib sou kat EBT ou. Nan pifò ka yo, n ap itilize rès lajan nou touche yo pou ranbouse HRA pou avantaj èd lajan kach ou. Si ou te deja gen yon lòd sipò timoun anvan ou te aplike pou avantaj èd lajan kach la, ou ka gen dwa pou resevwa “peman aryere fanmi”. Mande Sant Travay ou oswa travayè sosyal sipò timoun ou si sa aplike pou ou.
- Si ou resevwa peman sipò timoun dirèkteman nan men paran ki p ap viv avèk timoun nan, pandan w ap resevwa èd lajan kach la, ou dwe voye peman an ba HRA. Si ou kenbe peman sipò timoun sa yo n ap konsidere sa kòm fwod nan èd sosyal.
- Si kantite lajan sipò timoun nou touche a pi plis pase avantaj ou yo, ou ka gen posiblite pou fèmen dosye èd lajan kach ou epitou ou ka gen dwa pou avantaj SNAP (koupon pou achte manje) (food stamps), Kredi Taks sou Revni ou Reyalize (EITC), epi avantaj gadri ak avantaj Medicaid.

LÈ W AP RESEVWA SIPÒ TIMOUN APRE OU SÒTI NAN ÈD LAJAN KACH OSWA MAO

- Depi ou p ap resevwa èd lajan kach oswa MAO ankò, n ap voye ba ou tout peman paran ki p ap viv avèk timoun nan fè pou sipò timoun ou genyen nan moman an. N ap kontinye asire peman yo fèt regilyèman epi alè, san ou pa peye lajan pou sa.
- Nan kèk ka, OCSE ap toujou gen dwa pou kenbe peman sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe yo nan moman lè fanmi ou t ap resevwa èd lajan kach. Sa ap fèt sèlman apre ou touche tout lajan paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe ou selon lòd sipò timoun ou.
- Si ou pa t gen yon lòd sipò timoun pandan ou t ap resevwa èd lajan kach, men kounye a ou gen enfòmasyon k ap ede ou touche sipò timoun nan pou fanmi ou, fè nou konnen enfòmasyon yo imedyatman. Pou fè sa, rele Liy Èd Sèvis Kliyantèl Sipò Timoun nan nimewo 888-208-4485. Si nou pa kapab jwenn paran ki p ap viv avèk timoun nan, n ap kontakte ou pou ou kapab ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi epi pou fè yon petisyon pou detèmine yon lòd sipò.

Peman sipò timoun ki ajoute nan sipò yon djòb ak nan lòt sipò travay—tankou Kredi Taks sou Revni ou Reyalize (EITC), Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (SNAP, ki te rele koupon pou achte manje anvan), Medicaid ak Gadri sibvansyon—kapab ede ou vin endepandan sou plan finansye ak sipòte fanmi ou.

ENFÒMASYON POU KONTAK SIPÒ TIMOUN

- Enfòmasyon jeneral sou pwogram sipò timoun
- Èd avèk dosye sipò timoun ou, ansanm avèk chanjman adrès
- Bay enfòmasyon k ap ede ou touche sipò timoun pou fanmi ou

RELE

Liy Dirèk Sèvis Kliyantèl Sipò Timoun Eta New York
Pale avèk yon anplwaye
Lendi – Vandredi, 8:30 a.m. – 5:00 p.m.

Enfòmasyon otomatize¹
7 jou pa semèn/24 sou 24
888-208-4485
866-875-9975 TTY (Moun ki Gen Pwoblèm pou Tande)

Biwo Inite Sèvis Èd Ranfòsman Sipò Timoun Vil New York
Enfòmasyon sou patènite, tès ADN, evènman èd pou kominote ak sèvis pou bay travay
Lendi – Vandredi, 9:00 a.m. – 5:00 p.m.
929-221-5008

ALE NAN

Biwo Egzekisyon Sipò Timoun Vil New York
Customer Service Walk-In Center
151 West Broadway, 4yèm Etaj
New York, New York 10013
Lendi – Vandredi, 8:00 a.m. – 7:00 p.m.
Pote yon ID ki gen foto ou

EKRI

Biwo Egzekisyon Sipò Timoun Vil New York
PO Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

SITWÈB YO

Divizyon Ranfòsman Sipò Timoun Eta New York (DCSE)
www.childsupport.ny.gov
Biwo Ranfòsman Sipò Timoun vil New York
nyc.gov/hra/ocse

¹ Pou enfòmasyon sou kont ou, w ap bezwen nimewo PIN nou te ba ou pou kont ou, ak nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa sonje PIN ou, rele Liy Èd Sèvis Kliyantèl Sipò Timoun nan nimewo 888-208-4485 pou mande PIN ou. Pou verifye idantite ou, n ap mande ou pou bay non ou, nimewo kont ou, nimewo sekirite sosyal ou, ak adrès ou. Si ou pito, ou kapab mande yon PIN depi ou voye yon lèt ki gen non ou, nimewo kont ou, nimewo sekirite sosyal ou, adrès ou ak siyati ou. Voye demann ou nan adrès ki endike anba la a:

Attn: PIN
NYS Child Support Processing Center
PO Box 15365
Albany, NY 12212-5365

ADRÈS BIWO SIPÒ TIMOUN

POU APLIKE POU SÈVIS SIPÒ TIMOUN

MOUN KI APLIKE EPI K AP RESEVWA ÈD LAJAN KACH (CASH ASSISTANCE)

W ap resevwa yon randevou otomatikman pou rankontre avèk yon travayè sosyal sipò timoun nan yon Biwo Minisipalite OCSE si ou aplike pou èd lajan kach oswa pou Èd Medikal Sèlman (MAO) oswa si w ap resevwa avantaj sa yo. Tout adrès Biwo Minisipalite yo louvri lendi – vandredi, 9:00 a.m. - 5:00 p.m. Si ou gen plis enfòmasyon sou paran ki p ap viv avèk timoun nan apre entèvyou ou, rele biwo kote ou te gen randevou ou.

Bronx

Biwo Minisipalite Bronx
Ki Sèvi Bronx
894 Garrison Avenue
Bronx, NY 10474
718-401-4495

Brooklyn

Biwo Minisipalite Brooklyn
Ki Sèvi Brooklyn ak Rockaways
1 MetroTech Center, North, 6th Floor
Brooklyn, NY 11201
929-221-7620

Manhattan

Biwo Minisipalite Manhattan
Manhattan ak Staten Island
115 Chrystie Street, 3rd Floor
New York, NY 10002
212-334-7654

Queens

Biwo Minisipalite Queens
Ki Sèvi Queens (sof Rockaways)
One Honeywell Street, 6th Floor
Long Island City, NY 11101
718-784-6979

Staten Island

Moun k ap viv nan Staten Island epi k ap resevwa sèvis nan Biwo Minisipalite Manhattan

TOUT LÒT MOUN KI APLIKE YO

Ale nan Biwo Sèvis Sipò Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi (FCSS) ki nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi nan minisipalite kote w ap viv la si ou p ap aplike pou èd lajan kach oswa Èd Medikal Sèlman (Medical Assistance Only (MAO)) oswa si ou p ap resevwa avantaj sa yo. Tout biwo yo louvri lendi – vandredi, depi 9:00 a.m. - 5:00 p.m.

Bronx

Bronx County Family Court
900 Sheridan Avenue, Lower Main Floor
Bronx, NY 10451
718-590-3924/3432

Brooklyn

Kings County Family Court
330 Jay Street, 12th Floor
Brooklyn, New York 11201
718-246-7962/68

Manhattan

New York County Family Court
60 Lafayette Street, 1st Floor
New York, NY 10013
212-385-8218/19

Queens

Queens County Family Court
151-20 Jamaica Avenue, 4th Floor
Jamaica, NY 11432
718-725-3148/49

Staten Island

Richmond County Family Court
100 Richmond Terrace, Etaj Anba
Staten Island, NY 10301
718-720-2906

POU PAAN KIVLE ÈD POU DOSYE SIPÒ TIMOUN KILA DEJA

Si ou bezwen èd avèk dosye ou lè ou gen yon lòd sipò timoun, ansanm avèk chanjman adrès ou, ale nan Sant Sèvis Kliyantèl OCSE san Randevou.

OCSE Customer Service Walk-In Center

151 West Broadway, 4th Floor
New York, NY 10013
Lendi – vandredi, 8:00 a.m. – 7:00 p.m.

MODÈL LÒD SIPÒ TIMOUN

Pati A

F.C.A. §§ 413, 416, 433, 438, 439, 440, 442-447, 471; Atik 5-B } **Lwa sou Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Lwa ki detèmine odyans tribinal**

4-7 11/2002 } **Fòm # ak dat pwoblèm nan**

Nan yon tèm Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Eta New York, ki fèt nan ak pou Konte Richmond, nan adrès 100 Richmond Terrace, Staten Island, NY 10301, nan dat 4 oktòb 2004 } **Adrès Tribinal la ak dat odyans lan**

Pati B

PREZAN: Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, Majistra Sipò
Nan Zafè yon Pwosedi Sipò

Paran k ap viv avèk Timoun, SSN: XXX-XX-XXXX,
Moun ki Fè Petisyon an,
– kont –

Paran ki p ap viv avèk Timoun nan, SSN: XXX-XX-XXXX,
Moun ki Reponn nan

Dosye #: XXXXX
Rejis #: F-XXXXX-XX
CSMS #: XXXXXXXXXX } **Enfòmasyon ki Idantifye Dosye Sipò timoun ak Tribinal**

LÒD SIPÒ } **Kalite Lòd la**

Moun ki Konsène yo

Pati C

AVI: SI OU FÈ ESPRE POU PA RESPEKTE LÒD SA A SA KA LAKÒZ OU ALE NAN PRIZON POU NON-SIPÒ KRIMINÈL OSWA POU MEPRI. SI OU PA RESPEKTE LÒD SA A SA KA LAKÒZ YO SISPAAN LISANS OU POU KONDI, LISANS PWOFEYONÈL, LISANS KOMÈSYAL, LISANS BIZNIS OSWA LISANS PWOFEYONÈL AK LISANS OSWA PÈMI POU LWAZI OSWA ESPÒ LETA BA OU; AK ENPOZISYON DWA PRIVILÈJ SOU BYEN IMOBILYE OSWA BYEN PÈSONÈL OU.

OU KA FÈ OBJEKSYON ESPESIFIK ALEKRI KONT LÒD SA A NAN TRIBINAL SA A NAN 30 JOU KI VINI APRE DAT YO TE RESEVWA LÒD LA NAN TRIBINAL LA OSWA NAN SÈVIS PÈSONÈL, OSWA YO TE RESEVWA LÒD LA PA LAPÒS, NAN 35 JOU KI VINI APRE LÈ YO TE VOYE LÒD LA BA OU PA LAPÒS.

Fason pou Fè yon Objeksyon

Pati D

Moun ki Fè Petisyon ki Endike anwo te fè yon petisyon nan Tribinal sa a nan dat 22 jen 2004, kote li te fè konnen **Paran ki p ap viv avèk Timoun nan** dwe peye sipò a:

Non Dat Nesans
Non Timoun nan XX/XX/XXXX

Paran ki p ap viv avèk timoun nan ki prezante devan Tribinal sa a pou reponn petisyon an, te jwenn avi tribinal la ki te fè li konnen dwa genyen pou pran avoka, epi pou montre pou kisa yo pa bay yon lòd sipò ak lòt sekou li mande a; epi **Paran ki p ap viv avèk Timoun nan** dakò avèk akizasyon ki nan petisyon an; epi zafè a vini kòm sadwa pou yo tande li devan Tribinal sa a;

KOUNYE A, apre egzaminasyon ak rechèch nan enfòmasyon yo ak nan sikonstans dosye a, epi apre odyans prèv ak temwayaj yo bay anrapò avèk dosye a, Tribinal la jwenn:

Paran ki p ap viv avèk Timoun nan se moun ki p ap viv avèk timoun nan, ki gen kontribisyon pwopòsyonèl obligasyon sipò timoun debaz ki se \$XX.XX pa semèn pou timoun ki endike anba la a:

Non Dat Nesans Nimewo Sekirite Sosyal
Timoun nan XX/XX/XXXX

Epi Tribinal la jwenn answit:
Kontribisyon pwopòsyonèl obligasyon sipò timoun debaz moun ki p ap viv avèk Timoun nan pa ni enjis ni pa apwopriye;

Kantite lajan lòd sipò a

**Kondisyon Travay Paran ki p
 ap viv avèk Timoun nan**

Paran ki p ap viv avèk Timoun nan p ap travay pou kounye a;

KOUNYE A, apre egzaminasyon ak rechèch nan enfòmasyon yo ak nan sikonstans dosye a epi apre odyans prèv ak temwayaj yo bay anrapò avèk dosye, yo

**Dat Lòd Sipò
 Timoun nan Anvigè
 (Dat ou a ap
 diferan)**

ÒDONE AK DEKLARE apati 28 janvyè 2005, Paran ki p ap viv avèk Timoun nan dwe peye sipò a ba moun ki endike anba la a (yo) epi li gen mwayen ki ase epi li kapab jwenn mwayen sa a pou bay peman kantite lajan \$XX.XX chak semèn ba Paran k ap viv avèk Timoun nan avèk yon chèk sètifye oswa chèk postal (money order) ki dwe ekri sou non Support Collection Unit (Inite Rekouvremant Sipò), peman sa yo dwe kòmanse 28 janvyè 2005, pou ak nan sipò pitit Paran ki p ap viv avèk Timoun nan, ki afekte jan sa endike anba la a:

**Moun k ap
 resevwa
 Peman Sipò
 Timoun nan**

<u>Non</u>	<u># Sekirite Sosyal</u>	<u>Dat Nesans</u>	<u>Kantite lajan</u>
timoun yo: Timoun		XX/XX/XXXX	

Sipò Total Timoun: \$XX.XX chak semèn

EGZIJE moun k ap fè peman, moun k ap viv avèk timoun nan ak nenpòt moun apa pou yo fè Inite Rekouvremant Sipò konnen imedyatman nenpòt chanjman nan enfòmasyon ki anba la yo: adrès kay ak adrès postal, nimewo sekirite sosyal, nimewo telefòn, nimewo lisans pou kondi; ak non, adrès ak nimewo telefòn patwon moun yo ak nenpòt chanjman nan avantaj asirans sante, tankou nenpòt sispansyon avantaj yo, chanjman nan konpayi ki bay avantaj asirans sante oswa nan prim asirans sante, oswa limit ak disponiblite avantaj ki la deja oswa nouvo avantaj; epi yo

**Avi pou Fè
 Ajans konnen
 nenpòt
 chanjman nan
 adrès ou,
 travay ou,
 elatriye.**

EGZIJE answit pou yo egzekite Lòd sa a dapre Seksyon 5241 oswa 5242 Lwa ak Règ sou Pratik Sivil, oswa nan nenpòt mannyè lalwa prevwa; epi yo

EGZIJE answit pou Paran ki p ap viv avèk Timoun nan peye depans siplemanntè yo jan sa endike anba la a:

<u>Depans/Benefisyè</u>	<u>Peman</u>	<u>Peyab</u>	Depans anplis kantie lajan Sipò Timoun debaz:	
Ki Asosye avèk Sante epi ki pa Ranbouse				<ul style="list-style-type: none"> ➤ Medikal ➤ Gadri ➤ Edikasyon
Paran k ap viv avèk Timoun	XX %	Nan SCU		
Gadri/ Paran k ap viv avèk Timoun	XX %	Dirèk		

**Pati
 E**

**Pati
 F**

YO EGZIJE ANSWIT pou tout peman ki fèt nan Inite Rekouvremant Sipò ale pa lapòs nan: Support Collection Unit, PO Box 15363, Albany, NY 12212- 5363;

**Kote pou voye
 peman yo jouk lè yo
 pase nan djòb ou.**

YO EGZIJE ANSWIT pou Inite Rekouvremant Sipò voye yon kopi lòd sa a imedyatman nan Rejis Dosye Lòd Sipò Timoun Eta New York yo mete anplas dapre Seksyon 111-b (4-a) Lwa sou Sèvis Sosyal; epitou yo EGZIJE answit pou lòd sa a se yon lòd sipò pou peye \$XX pa semèn ant 8 oktòb 2004 jouk lè yo ogmante li nan dat 28 janvyè 2005.

**Rezime
 Konklizyon
 Tribinal**

Pati G

NÒT: (1) LÒD SIPÒ TIMOUN SA A DWE AJISTE DAPRE APLIKASYON YON AJISTEMAN KOUDLAVI A SELON ENSTRIKSYON INITE REKOUVREMAN SIPÒ NAN EGZAKTEMAN VENNKAT (24) MWA APRE YO BAY LÒD SA A, APRE YO MODIFYE OSWA AJISTE LI YON DÈNYE FWA, SOU DEMANN NENPÒT MOUN NAN LÒD OSWA DAPRE PARAGRAF (2) KI ANBA LA A. SOU APLIKASYON YON AJISTEMAN KOUDLAVI A SELON ENSTRIKSYON INITE REKOUVREMAN SIPÒ, YO DWE VOYE YON LÒD AJISTE BA MOUN YO KI DWE GEN TRANSENK (35) JOU APATI DAT POSTAJ LA POU SOUMÈT YON OBJEKSYON ALEKRI NAN TRIBINAL LA KI ENDIKE SOU LÒD KI AJISTE A, SI YO PA DAKÒ AVÈK AJISTEMAN AN. DEPI TRIBINAL RESEVWA OBJEKSYON ALEKRI A, TRIBINAL LA DWE PWOGRAME YON ODYANS KOTE MOUN YO KA LA POU BAY PRÈV TRIBINAL LA AP KONSIDERE NAN AJISTEMAN LÒD SIPÒ TIMOUN NAN DAPRE LWA SOU NÒM OFISYÈL SIPÒ TIMOUN.

**Ajisteman
Koudlavi
(COLA)**

(2) YON BENEFISYÈ ÈD FAMILIAL DWE FÈ REVIZE AK AJISTE LÒD SIPÒ TIMOUN NAN SOU ENSTRIKSYON INITE REKOUVREMAN SIPÒ NAN EGZAKTEMAN VENNKAT (24) MWA APRE YO BAY LÒD LA, APRE DÈNYE FWA YO MODIFYE LI OSWA APRE DÈNYE FWA YO AJISTE LI SAN OKENN APLIKASYON NENPÒT MOUN. TOUT MOUN YO AP RESEVWA AVI REZILTA AJISTEMAN AN.

(3) KOTE NENPÒT MOUN PA BAY INITE REKOUVREMAN SIPÒ YON DÈNYE ADRÈS AK DÈNYE ENFÒMASYON SOU NENPÒT CHANJMAN ADRÈS LA KOTE YO KAPAB VOYE LÒD AJISTE A, JAN SA OBLIGATWA DAPRE SEKSYON 443 LWA SOU TRIBINAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI, KANTITE LAJAN POU OBLIGASYON SIPÒ FÈT POU PEYE EPI Y AP DWE LI NAN DAT PREMYE PEMAN AN DWE FÈT ANBA KONDISYON LÒD SIPÒ A KI TE RENOUVLE AK AJISTE NAN DAT OSWA APRE DAT LI LÒD LA ANVIGÈ KÈLKESWA SI MOUN NAN TE RESEVWA OSWA PA T RESEVWA YON KOPI LÒD AJISTE A.

Dat la: 4 oktòb 2004

ANTRE

Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi

Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, Majistra Sipò

**Non ak So
Majistra
Sipò a**

Koche kaz ki konsène ou:

Lòd la te ale pa lapòs nan dat [endike dat (yo) ak ba kimoun yo te voye li]: _____

Yo resevwa lòd la nan tribinal [endike dat (yo) ak kimoun yo te bay li]: _____

GLOSE TÈM ENPÒTAN YO

A

ABSENT PARENT/PARAN ABSAN

Moun ki pa nan kay la epi ki gen responsablite legal pou bay sipò finansye pou yon timoun depandan. (Li vle di paran ki p ap viv avèk timoun nan, paran ki p ap viv nan kay la, ak moun ki reponn nan dosye tribinal la tou).

ACCRUAL/AKIMILASYON

Kantite lajan peman sipò timoun ki anreta.

ACKNOWLEDGMENT OF PATERNITY (AOP)/REKONESANS PATÈNITE

Fòm ki detèmine patènite a (patènite legal) yon timoun nan yon pwosesis volontè, san paran yo pa ale nan tribinal. Toulède paran yo dwe ranpli ak siyen fòm nan.

ADDITIONAL AMOUNT (ALSO CALLED ADD AMOUNT)/KANTITE LAJAN SIPLEMANTÈ (KI RELE KANTITE LAJAN ANPLIS TOU)

Ki rele Ajoute Kantite Lajan tou. Kantite lajan egzekisyon revni an dwe peye anplis obligasyon sipò timoun regilye a pou kapab satisfè defo peman ki sou yon kont.

ADJOURNMENT/AJOUNMAN

Ranvwa odyans lan pou yon ti tan jouk nan yon dat espesyal pidevan.

ADMINISTRATIVE PROCESS / PWOSESIS ADMINISTRATIF

Metòd kote OCSE ranfòse lòd sipò yo olye tribinal oswa jij yo fè sa.

AFFIDAVIT / DEKLARASYON SOU SÈMAN

Deklarasyon enfòmasyon ki fèt alekri ak libelibè sou sèman.

ALLOCATED CHILD SUPPORT ORDER/AFEKTASYON LÒD SIPÒ TIMOUN

Lòd ki endike chak moun ki nan lòd sipò a (timoun yo, madanm/mari) avèk yon kantite lajan espesifik ki afekte pou chak depandan.

AMEND/AMANDE

Chanjman nan yon dokiman legal.

ARREARS/ARYERE

Kantite lajan sipò timoun ki anreta epi ki pa peye.

ASSIGNMENT OF SUPPORT RIGHTS/AFEKTASYON DWA SIPÒ

Moun nan dakò pou bay Eta a nenpòt dwa pou peman sipò timoun nan ki akimile pandan l ap resevwa èd lajan kach pou li kapab jwenn avantaj èd lajan kach ak lòt avantaj.

B

BASIC CHILD SUPPORT OBLIGATION/OBLIGASYON SIPÒ TIMOUN DEBAZ

Kantite lòd sipò timoun ki baze sou yon pousantaj fiks revni paran, anvan yo ajoute sipò medikal ak depans pou gadri, ak/oswa depans pou edikasyon.

BONUS PAYMENT/PEMAN BONIS

Moun k ap resevwa èd lajan kach epi ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 dola pa mwa (\$200 dola si gen de oswa plis timoun k ap resevwa sipò timoun) sipò timoun yo touche nan menm mwa li dwe a. (*Gade Peman Verifye tou*)

BURDEN OF PROOF/FADO PRÈV

Responsablite yon moun pou bay prèv ki pi enpòtan nan yon pwèn nan pwoblèm nan.

C

CASH ASSISTANCE/ÈD LAJAN KACH

Avantaj gouvènman ki bay sipò lajan pou moun ak fanmi ki touche yon revni ki piti anpil, ki anba kontwòl HRA (Administrasyon Resous Imèn) nan Vil New York. Yo bay èd lajan kach pou kliyan yo sou fòm elektwonik nan EBT (Transfè Elektwonik Avantaj).

CASH UNDERTAKING/GARANTI LAJAN

Kòm rezilta yon odyans tribinal, yon paran ki p ap viv avèk timoun ka resevwa lòd pou peye yon depo avèk lajan kach ba Inite Rekouvreman Sipò ki vo apeprèy twazan peman sipò timoun. Yo kapab pran peman yo nan depo sa a si paran ki p ap viv avèk timoun nan pa peye sipò a regilyèman.

CHANGE OF PAYEE/CHANJMAN BENEFISYÈ

Prevwa pou yo voye peman sipò timoun prive ba OCSE pou yo travay sou li, konsèvasyon dosye, distribisyon, ak ranfòsman.

CHANGE OF CIRCUMSTANCES/CHANJMAN SIKONSTANS

Chanjman ki fèt sanzatann nan sitiwayon finansye paran ki p ap viv avèk timoun nan akòz chòk, maladi oswa pèt travay toudenkou ki afekte mwayen li pou peye sipò timoun tribinal la egzije a; rezon pou aplike pou fè yon petisyon pou bese lòd sipò a nan tribinal.

CHILD SUPPORT STANDARDS ACT (CSSA)/LWA SOU PRENSIP NÒM OFISYÈL TIMOUN

Lwa yo te adopte nan ane 1989 pou fè lòd sipò timoun vin jis ak menm jan toupatou nan New York lè yo nòmalize fòmil pou kalkile lòd sipò timoun debaz.

COLA (COST OF LIVING ADJUSTMENT)/AJISTEMAN KOUDLAVI

Ajisteman Koudlavi. Ogmantasyon nan yon lòd sipò timoun, san yo pa fè yon odyans nan tribinal. COLA baze sou chanjman chak ane nan Endis Pri Konsomasyon pou Zòn Lavil (CPI-U), ki swiv pri depans pou viv chak jou tankou depans pou manje, rad, lojman, elatriye.

CONCURRENT JURISDICTION/JIRIDIKSYON KONPETAN ANMENMTAN

Yon lòd ki pèmèt plis pase yon tribinal pran desizyon sou yon lòd sipò timoun epi pou modifiye lòd sipò a. Sa ka rive avèk Tribinal Siprèm Eta New York ak Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.

CONSUMER CREDIT PROTECTION ACT (CCPA)/LWA SOU PWOTEKSYON KREDI KONSOMASYON

Yon lwa federal ki limite kantite lajan yo ka retire nan salè; men sa lwa a konsidere: revni disponib apre yo pran taks obligatwa yo, kantite lajan aryere ki dwe, epi si yon lòt fanmi ap resevwa sipò finansye.

COURT ORDER/LÒD TRIBINAL

Dokiman ki gen fòs lalwa yo bay nan yon tribinal. Yon lòd tribinal ki konsène sipò timoun ap gen ladan kantite fwa, kantite lajan, kantite tan ak ki kalite sipò paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe peye ak si yon patwon dwe pran lajan sipò a nan salè moun nan.

CPI-U

Endis pri konsomasyon pou zòn lavil (CPI-U). Swiv pri atik yo tankou manje, rad ak lojman chak ane. Ajisteman Koudlavi (COLA) baze sou chanjman ki fèt chak ane nan CPI-U.

CUSTODIAL PARENT (CP)/PARAN K AP VIV AVÈK TIMOUN

Paran, manm fanmi oswa responsab legal k ap viv avèk timoun oswa timoun yo epi se premye moun k ap pran swen li (yo).

CUSTODY/LAGAD

Detèminasyon legal yo fè pou deside avèk kimoun timoun nan dwe viv: manman an, papa a, oswa lòt adilt.

D**DECREE/IJMAN**

Desizyon lajistis yon tribinal pran.

DEFAULT ORDER/LÒD PA KONTIMAS

Lòd sipò yo bay lè paran ki p ap viv avèk timoun nan pa bay ase enfòmasyon oswa lè li pa ale nan tribinal, ak prèy ki montre yo te bay paran an papye pou li ale nan tribinal.

DELINQUENCY/DEFO PEMAN

Yon kantite lajan yon paran dwe sou yon dosye sipò timoun men li pa peye lajan an.

DEPENDENT/DEPANDAN

Yon timoun ki anba swen yon lòt moun. Pifò timoun ki kalifye pou sipò timoun se depandan.

DIRECT PAY ORDER/LÒD PEMAN DIRÈK

Lòd sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe peye paran k ap viv avèk timoun nan dirèkteman.

DISBURSEMENT/DEBOUSMAN

Rekouvremman peman lajan sipò timoun ki fèt ba paran k ap viv avèk timoun nan oswa ba Depatman Sèvis Sosyal si kliyan an ap resevwa èd lajan kach.

DISMISSAL WITH PREJUDICE/REFI AVÈK PREJIDIS

Lè yo jwenn yon petisyon pa gen okenn merit, epi lè yo rejte dosye a nèt nan tribinal la. Pa egzanp: ADN pwouve moun ki reponn nan pa papa byolojik la.

DISMISSAL WITHOUT PREJUDICE/REFI SAN PREJIDIS

Yo rejte petisyon an kounye a, men yo konsidere li nan yon lòt dat nan tribinal la. Pa egzanp, yo pa bay moun nan papye pou li ale nan tribinal.

DISPOSABLE INCOME/REVNI DISPONIB

Kantite lajan ki rete apre yo pran taks ak Medicare ak dediksyon pou peye FICA, ak plan pansyon.

DNA TEST/TÈS ADN

Analiz faktè eritye yo pou detèmine si yon gason patikilye se papa timoun nan; yo pran echantiyon AD nan andedan jou papa a, manman an ak timoun nan avèk yon tanpon ki deziyen sitou pou sa.

DOCKET NUMBER/NIMEWO REJIS

Nimewo tribinal la bay pou idantifye dosye a.

E**EBT (Electronic Benefit Transfer)/TRANSFÈ ELEKTWONIK AVANTAJ**

Metòd Biwo Eta New York pou Èd Pwovizwa ak pou Moun Andikape (OTDA) itilize pou bay avantaj lajan kach ak avantaj SNAP (koupon pou achte manje) pou moun ki nan pwogram nan. Moun ki nan pwogram nan resevwa avantaj yo avèk yon kat idantite ak PIN.

EMANCIPATED/EMANSIPE

Yon timoun ki p ap viv avèk paran li epi ki gen yon sous revni, oswa ki nan fòs lame, oswa ki marye.

ENFORCEMENT/RANFÒSMAN

Aplikasyon mezi pou jwenn peman yon obligasyon sipò timoun oswa yon obligasyon sipò medikal ki nan yon lòd sipò timoun. Kèk egzanp mezi sa yo se lè yo sezi byen moun, lè yo sispann lisans chofè li, lè yo refize bay li paspò ameriken, elatriye.

ESTABLISHMENT/DETÈMINASYON

Pwosesis pou pwouve patènite ak/oswa pou jwenn yon lòd tribinal pou mete yon obligasyon sipò timoun anplas.

F**FAMILY COURT SUPPORT SERVICES (FCSS)/SÈVIS SIPÒ NAN TRIBINAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI**

Divizyon OCSE ki travay pou mete dosye sipò timoun nan èd lokal ki pa lajan kach.

FAMILY SUPPORT ACT/LWA SOU SIPÒ FANMI

Lwa yo te pase nan ane 1988 ki bay otorizasyon pou yo fè retrè imedyat nan salè yon moun pou satisfè lòd sipò timoun, epi ki egzije leta pou itilize gid yo pou deside kantite lajan sipò pou chak fanmi.

FEDERAL PARENT LOCATOR SERVICE (FPLS)/SÈVIS LOKALIZATÈ FEDERAL PARAN

Sèvis rezo lokalizasyon nasyonal enfòmasyon ki ede eta yo chèche paran ki p ap viv avèk timoun avèk konparezon enfòmasyon ki nan baz done yo; FPLS kapab bay enfòmasyon itil pou detèmine paran k ap viv ansanm avèk timoun nan, patènite, ak sipò timoun epitou pou adopsyon ak zafè swen timoun adoptif la.

FINANCIAL DISCLOSURE AFFIDAVIT/DEKLARASYON SOU SÈMAN POU DIVILGASYON ENFÒMASYON FINANSYE

Dokiman yo pou toulède moun yo nan yon dosye sipò timoun, pou mande enfòmasyon finansye detaye, enfòmasyon sou salè ak enfòmasyon sou depans; Tribinal la itilize enfòmasyon yo pou detèmine sipò timoun nan, sipò medikal, gadri, ak lòt pati lòd sipò timoun nan.

FINDINGS OF FACT/KONKLIZYON KI BAZE SOU ENFÒMASYON

Nòt ak kalkil Majistra Sipò a itilize pou detèmine yon lòd sipò timoun.

G

GARNISH/KONFISKASYON

Pwosedi legal kote yo pran yon pati nan salè ak/oswa nan byen yon moun pou peye yon dèt tankou sipò timoun.

GOOD CAUSE/REZON VALAB

Rezon legal lè yon moun ki aplike pou Èd Lajan Kach oswa lè moun nan ap resevwa li jwenn egzanpsyon pou pa kolabore avèk sipò timoun.

H

HEARING/ODYANS

Pwosedi legal ki fèt devan yon jij. Jij ki nan yon odyans sipò timoun rele yon Majistra Sipò.

I

INCOME/REVNI

Nenpòt fòm peman regilye ki fèt ba yon moun, kèlkeswa sous revni an, tankou salè, komisyon, bonis, asirans chomaj, konpansasyon travayè, andikap, pansyon, oswa enterè. Avantaj Èd Lajan Kach ak SSI pa konsidere kòm revni.

INCOME EXECUTION (IEX)/EGZEKISYON SOU REVNI

Pwosesis administratif kote yo fè dediksyon peman sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan dirèkteman nan salè li oswa nan lòt revni li, epi yo voye lajan yo pran an nan Inite Rekouvremant Sipò Timoun. Sa ka vle di dediksyon nan salè, konfiskasyon salè, oswa dediksyon nan pewòl.

INTERCEPT/SEZI

Metòd pou jwenn sipò timoun lè yo pran yon pòsyon nan peman ki pa salè yon paran ki p ap viv avèk timoun nan resevwa. Kèk nan peman ki pa salè yo ka sezi se ranbousman lajan taks ak lajan ki fèt nan lotri.

INTERSTATE CASES/DOSYE NAN PLIZYÈ ETA

Dosye kote timoun depandan an ak paran ki p ap viv avèk timoun nan ap viv nan plizyè eta diferan epi kote de (2) eta konsène nan menm aktivite dosye sipò timoun nan, tankou detèminasyon oswa ranfòsman.

J

JOB CENTER/SANT TRAVAY

Pwen antre pou moun k ap chèche èd lajan kach. Li bay aksè sou plas pou chèche travay, fòmasyon ak plasman nan djòb ak avantaj tankou Medicaid, ak SNAP (Koupon pou Achte Manje). OCSE resevwa rekòmandasyon yo nan Sant Travay yo pou kliyan ki gen obligasyon pou kolabore avèk pwogram sipò timoun.

JUDGMENT/JIJMAN

Desizyon ofisyèl oswa konklizyon yon jij oswa yon Majistra Sipò.

JURISDICTION/JIRIDIKSYON

Otorite legal yon tribinal oswa yon ajans administratif genyen sou moun patikilye ak sou sèten kalite dosye, anjeneral nan yon zòn jewografik ki defini.

L

LEGAL FATHER/PAPA LEGAL

Gason lalwa rekonèt kòm paran gason yon timoun. Pou yo kapab rekonèt li kòm papa legal la, yo dwe detèmine patènite a si paran yo pa marye youn ak lòt.

LIEN/DWA PRIVILÈJ

Reklamasyon sou pwopriyete pou evite lavant oswa transfè pwopriyete a jouk lè yo fè peman yon dèt.

LOCATE/CHÈCHE

Pwosesis pou jwenn yon paran ki p ap viv avèk timoun nan, pou kapab detèmine patènite a epitou pou detèmine epi/oswa pou ranfòse yon obligasyon sipò timoun.

LONG ARM JURISDICTION/JIRIDIKSYON PWOLONJE

Dispozisyon legal ki pèmèt yon eta reklame jiridiksyon sou yon moun k ap viv nan yon lòt eta.

LOTTERY INTERCEPT/KONFISKASYON LAJAN LOTRI

Pwosesis kote yo voye lajan yon paran ki p ap viv avèk timoun genyen nan lotri ba Biwo Ranfòsman Sipò Timoun pou satisfè obligasyon sipò ki anreta.

M**MEDICAL ASSISTANCE (MEDICAID) ONLY (MAO)/ÈD MEDIKAL (MEDICAID) SÈLMAN (MAO)**

Fòm èd piblik ki bay avantaj ba benefisyè sèlman sou fòm èd medikal alapas èd lajan.

MEDICAL SUPPORT/SIPÒ MEDIKAL

Dispozisyon legal pou pwoteksyon medikal yo dwe mete nan yon lòd sipò timoun.

MODIFICATION PETITION/PETISYON POU MODIFIKASYON

Aplikasyon fòmèl alekri yo fè nan yon tribinal pou mande yon chanjman nan yon lòd sipò timoun ki egziste.

MONEY JUDGMENT/JIJMAN POU EGZIJE PEMAN LAJAN

Kantite lajan espesifik aryere Majistra Sipò a fikse, nan yon jijman fòmèl, ki akimile enterè 9% chak ane. Yo ka depoze yon jijman pou peye lajan nan Biwo Grefye Tribinal la.

N**NATIONAL MEDICAL SUPPORT NOTICE (NMSN)/AVI POU SIPÒ MEDIKAL NASYONAL**

Avi yo voye nan travay paran ki p ap viv avèk timoun pou mande pou paran an bay pwoteksyon asirans sante, kote li disponib.

NEW HIRE REPORTING/RAPÒTAJ NOUVO ANBOCHAJ

Pwogram ki egzije tout patwon pou yo rapòte anplwaye yo fèk anboche ba Rejis Nouvo Anplwaye Eta New York pou posib ranfòsman obligasyon sipò timoun ak obligasyon sipò medikal avèk dediksyon lajan yo pran nan salè anplwaye a.

NONCUSTODIAL PARENT (NCP)/PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN

Paran ki p ap viv avèk yon timoun minè epi ki pa premye moun k ap pran swen timoun nan.

NOTARIZE/NOTARYE

Sètifye yon bagay, tankou yon siyati, sou yon dokiman legal kòm yon dokiman otantik oswa lejitim lè yo mete yon so oswa yon siyati sou li.

NUNC PRO TUNC

Siyifikasyon laten pou 'tanzantan' – li vle di chanjman dat yon lòd, nan yon jijman, oswa nan aplikasyon yon dokiman, ki fèt nan yon dat anvan.

O**OBJECTION/OBJEKSYON**

Reklamasyon alekri, pou pa dakò avèk kèk kondisyon espesyal ki nan yon lòd. Objeksyon an dwe fèt nan 30 jou apre resepsyon lòd la.

OBLIGATION AMOUNT/KANTITE LAJAN OBLIGASYON

Kantite lajan sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan gen obligasyon pou peye.

OFFICE OF CHILD SUPPORT ENFORCEMENT (OCSE)/BIWO RANFÒSMAN SIPÒ TIMOUN

Divizyon Administrasyon Resous Imèn ki responsab pou jwenn ak ranfòse lòd sipò timoun pou fanmi k ap viv nan Vil New York.

ORDER/LÒD

Enstriksyon ki ekri ak siyen yon Majistra Sipò oswa yon jij bay.

ORDER OF FILIATION/RELASYON PARAN

Lòd tribinal ki detèmine yon papa legal.

ORDER ON CONSENT/LÒD SOU KONSANTMAN

Lòd toulède paran yo dakò ki pou nan yon aksyon. Nan yon odyans pou sipò timoun, paran yo ka dakò pou yon kantite lajan lòd la ki diferan avèk gid Lwa sou Nòm Ofisyèl Sipò Timoun.

ORDER OF PROTECTION/LÒD PWOTEKSYON

Enstriksyon tribinal ki entèdi pou yon nan moun yo kontakte/kominike avèk lòt moun nan.

P**PARTY/PATI**

Moun oswa òganizasyon ki konsène dirèkteman nan yon zafè legal.

PARENT LOCATOR SERVICES/SÈVIS LOKALIZASYON PARAN

Rezo enfòmasyon baz done leta yo itilize pou chèche moun ki pou reponn nan dosye sipò timoun yo.

PASS-THROUGH PAYMENT/PEMAN VERIFIE

Moun k ap resevwa èd lajan kach epi ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 dola pa mwa (\$200 dola si gen de oswa plis timoun k ap resevwa sipò timoun) sipò timoun yo touche nan menm mwa li dwe a; sa rele peman bonis oswa "san konsiderasyon" pou sipò timoun.

PATERNITY/PATÈNITE

Detèminasyon legal patènite. Yo dwe detèmine patènite a anvan yo kapab bay lòd sipò timoun nan oswa lòd sipò medikal la.

PATERNITY PETITION/PETISYON POU PATÈNITE

Aplikasyon fòmèl alekri yon moun fè nan tribinal pou mande aksyon lajistis pou detèmine patènite legal yon gason espesifik pou yon timoun espesifik.

PAYEE/BENEFISYÈ

Moun oswa òganizasyon ki gen non li ki resevwa peman lajan sipò timoun nan (pa egzansp, grann).

PAYOR/PEYÈ

Moun ki fè yon peman, anjeneral yon paran ki p ap viv avèk timoun nan oswa yon moun k ap pran desizyon sou non timoun nan. Moun sa a rele debite tou.

PETITION/PETISYON

Demann fòmèl alekri yon moun fè nan yon tribinal pou mande yon aksyon tribinal la.

PETITIONER/DEMANDÈ

Moun oswa òganizasyon ki fè yon demann fòmèl pou kòmanse yon aksyon tribinal.

PIN

Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl. Nimewo idantifikasyon inik yo bay kliyan yo pou yo kapab jwenn enfòmasyon sou kont sipò timoun yo nan sitwèb (childsupport.ny.gov) ak nan liy dirèk (888-208-4485) sipò timoun Eta New York.

POVERTY LEVEL/NIVO POVRETE

Nivo revni yo konsidere twò ba pou achte pwodui premye nesosite lavi a dapre gouvènman federal la. Nivo povrete ane 2014 pou yon sèl moun se \$11,670 dola. Pou chak lòt moun ki nan fanmi an, yo ajoute \$4,060 dola.

PROPERTY EXECUTION (PEX)/EGZEKISYON SOU PWOPRIYETE

Pwosesis administratif kote Biwo Ranfòsman Sipò Timoun (OCSE) sezi resous finansye, anjeneral kont labank, yon paran ki p ap viv avèk timoun ki anreta na peman sipò timoun nan.

PRO RATA SHARE/KONTRIBISYON PWOPÒSYONÈL

Pòsyon kantite lajan total chak paran dwe peye pou detay ki nan lòd sipò timoun nan tankou gadri oswa depans medikal yo pa ranbouse.

PRO SE

Siyifikasyon laten pou 'reprézante poukont'; yon moun ki reprézante tèt li poukont li nan tribinal san yon avoka.

PUTATIVE FATHER REGISTRY (PFR)/REJIS PAPA YO SIPOZE

Dosye papa Eta New York konsève. Kèk egzansp dokiman yo konsève nan PFR se Rekonesans Patènite (AOP), lòd tribinal ki detèmine patènite, ak deklarasyon ki pa gen angajman legal konsènan patènite. Ou ka konsilte PFR nan zafè eritaj, adopsyon, oswa nan nenpòt lòt zafè legal ki egzije pou mete papa yon timoun okouran.

R

RECIPIENT/BENEFISYÈ

Moun oswa òganizasyon k ap resevwa lajan sipò ak/oswa avantaj èd piblik, tankou Èd Lajan Kach, SNAP (Koupon pou Achte Manje), Medicaid, elatriye.

RECIPROCITY/RESIPWOSITE

Relasyon kote yon eta oswa yon peyi bay sèten privilèj pou lòt eta oswa peyi depi yo resevwa menm privilèj la.

RELIEF/REKOU

Mezi legal.

RESPONDENT/MOUN KI REPONN

Moun ki reponn nan petisyon an; se kèlkeswa moun yo aplike pou mezi legal kont li a.

RETROACTIVE SUPPORT/SIPÒ RETWO-AKTIF

Sipò timoun tribinal bay lòd pou peye nan dat ki pase, anjeneral dat petisyon an te fèt la. Sipò retwo-aktif kreye yon dèt imedyat.

S

SANCTION/SANKSYON

Penalite pou vyolasyon oswa pou mank kolaborasyon. Nan OCSE, sa vle di yon rediksyon nan avantaj yo enpoze sou yon kliyan Èd Lajan Kach poutèt li pa kolabore avèk egzijans pou peye sipò timoun.

SELF- SUPPORT RESERVE/REZÈV POU SIPÒ PÈSONÈL

Faktè nan kalkil sipò timoun nan Eta New York lè nenpòt paran nan nivo povrete oswa toupre; rezèv pou sipò pèsonèl se 135% nivo povrete federal. Rezèv pou sipò pèsonèl pou ane 2014 se \$15,755 dola.

STIPULATION/KONDISYON

Akò ekri paran yo jwenn sou kote ki opoze nan yon dosye.

STEP (SUPPORT THROUGH EMPLOYMENT PROGRAM)/SIPÒ NAN PWOGRAM TRAVAY

Li bay fòmasyon pou jwenn djòb ak plasman nan djòb pou paran ki p ap viv avèk timoun nan epi ki pa kapab peye sipò timoun nan paske li p ap travay oswa paske li gen djòb ki pa peye li ase lajan. Tribinal la ka voye yon moun nan STEP nan moman odyans sipò timoun nan.

SUMMONS/PAPYE POU ALE NAN TRIBINAL

Avi ki endike yo kòmanse yon aksyon kont benefisyè a. Yon papye pou ale nan tribinal pou yon odyans sipò timoun ap fè paran an konnen ki kote ak kilè pou li ale, ak ki enfòmasyon pou li pote.

SUPPORT COLLECTION UNIT (SCU)/INITE REKOUVREMAN SIPÒ

Divizyon Biwo Ranfòsman Sipò Timoun ki responsab pou rekouvreman, kontwòl, ak debousman peman sipò timoun.

SUPPORT MAGISTRATE/MAJISTRA SIPÒ

Pwokirè, Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi lonmen pou li kapab tande temwayaj yo, epitou pou li pran desizyon nan dosye sipò timoun yo.

SUPPORT ORDER/LÒD SIPÒ

Lòd tribinal bay pou detèmine yon obligasyon sipò timoun. Lòd sipò yo ka pwovizwa oswa yo ka final, epitou yo ka fè modifikasyon ladan yo. Lòd sipò yo ka gen ladan sipò lajan ak sipò medikal, depans pou gadri, depans pou edikasyon, ak peman aryere, enterè, penalite, ak lòt fòm rekou.

T

TAX REFUND OFFSET/KONPANSASYON AVÈK RANBOUSMAN LAJAN TAKS

Pwosesis kote yo pran ranbousman lajan taks federal oswa lajan taks eta yon paran ki p ap viv avèk timoun nan pou peye yon dèt sipò timoun.

TERMINATE AN ORDER/SISPANN YON LÒD

Mete yon pwen final nan yon obligasyon; bay dat final pou sispann yon lòd sipò timoun. Peman aryere yo dwe toujou fèt.

U

UIFSA

Lwa sou Sipò Fanmi Inifòm pou Tout Eta. Lwa federal yo te pibliye nan ane 1996 pou fasilite pwosesis pou resevwa peman sipò timoun nan limit eta a. Lwa a egzije eta yo pou youn kolabore avèk lòt pou jwenn ak ranfòse lòd sipò yo; li pèmèt eta yo pibliye 'Dediksyon Dirèk nan Revni' avèk patwon ki nan lòt eta yo; li anpeche yo bay plizyè lòd sipò pou menm dosye a nan plizyè eta.

V

VACATE AN ORDER/KITE YON LÒD

Metete sou kote yon lòd ki te genyen anvan sou kote, tankou si li pa t janm egziste.

W

WAGE WITHHOLDING/DEDIKSYON NAN SALÈ

Dediksyon otomatik nan revni ki kòmanse imedyatman yo voye yon avi pou IEX (Egzekisyon sou Revni) ba patwon an.

WILLFUL NON-PAYMENT/DEFO PEMAN VOLONTÈ

Paran ki p ap viv avèk timoun nan fè espere pou pa peye sipò timoun tribinal la egzije a menmsi li gen mwayen pou fè peman an.

Administrasyon Resous Imèn
Steven Banks, Administratè/Manm Komisyon

BRC-940-D
Jwen 2013 (revize nan mwa Septanm 2014)